



Otis, Mache Pasipala, ak Sekirite Bò Dlo

KI SA W BEZWEN KONNEN

Tchèklis Sekirite

- ☐ Fèmen a kle: fenèt, pòt, lakou, ak kote l ka pase pou l jwenn dlo
- ☐ Chèche byen konnen ki danje ki gen nan katye pa w la
- ☐ Sèvi ak yon GPS oubyen yon aparèy ki pozisyon moun pou ede w kontwole pitit ou
- ☐ Ekri ransèyman ki enpòtan ou ka pataje avèk ajan dijans
- ☐ Pale ak vwazen w yo konsènan enkyetid fanmi w genyen yo ak fason yo ka kontakte w
- ☐ Mande èd: medsen pitit ou, espesyalis nan konpòtman l, ak pwofesè l
- ☐ Fè pitit ou fè konesans ak polisye, ponpye, ak Teknisyen Medikal Dijans (EMT) ki nan zòn ou an
- ☐ Fè pitit ou aprann naje epi ede l aprann abitud k ap pèmèt li rete an sekirite lè l bò dlo

Chèche Konnen Danje Yo

Li pi fasil pou yon timoun ki gen Andikap Nechèl Otis la (ASD) kite yon kote li an sekirite san pa gen yon granmoun ansanm avè l. Yo konn rele sa “mache pasipala”. Gen kèk moun ki rele l chape poul oswa sove. Anpil timoun ki gen otis vrèman enterese ak dlo. Si yo mache rive kote k gen dlo, sa gendwa yon gwo danje pou yo.

Pi gwo kòz ki fè timoun ki gen otis mouri a se neye nan dlo. Souvan se pandan yo t ap mache pasipala.

Gen bagay ou ka fè pou anpeche pitit ou mache pasipala e pou ede ajan dijans yo jwenn li si l pèdi.



Si W Pa Ka Jwenn Pitit Ou, Rele Sou 911 Lapoula.

Anpeche Timoun Mache Pasipala

ASIRE SEKIRITE LAKAY OU

- Mete kle oubyen takèt sou pòt yo ak fenèt yo.
- Mete ansèy ki di “STOP” sou pòt yo ak fenèt yo.
- Si sa posib, klotire lakou w.
- Klotire nenpòt pisin oubyen lòt dlo ki reprezante yon danje epi mete alam pou yo.

SÈVI AK YON APARÈY KI POZISYON MOUN

Chèche youn ki fasil pou mete, ki rezistan lè l anba dlo, e ki pa dichaj vit. Aparèy sa yo ede w kontwòle pitit ou, men yo pa ranplase bonjan sipèvizyon.

MANDE ESPÈ YO ÈD

Pale ak medsen pitit ou, ak espesyalis nan konpòtman l, ak pwofesè l konsènan sa l bezwen aprann pou anpeche l mache pasipala, tankou mande sa l vle, konnen danje yo, devlope abitud ki pèmèt li pi an sekirite lè l bò dlo, ak fason pou l jwenn èd lè l bezwen sa.



Planife Pou Ijans

CHÈCHE KONNEN KI DANJE KI BÒ KOTE W

Byen gade katye w la pou w wè ki kote ki gen danje, tankou pisin, ti etan, oubyen lak. Ekri ki kote pitit ou gen yon tandans ale.

PALE AK VWAZEN W YO

- Mande vwazen w yo pou yo ede w veye e pou yo asire sekirite kote ki gen dlo.

FÈ YON FÈY RANSÈYMAN POU UTILIZE NAN KA DIJANS

- Fè yon fichye ki gen enfòmasyon ki enpòtan konsènan pitit ou, tankou foto l ki resan, yon deskripsyon sou fizik li, fason l kominike, ak ki kote l gendwa ale.

PALE AK MOUN KI KA EDE W

- Gen komisarya ak stasyon ponpye ki gen pwogram kote pitit ou ka fè konesans ak ajan yo. Oubyen tou, ou ka ba yo nimewo telefòn ou.

BAY PITIT OU LESON SOU DLO EPI APRANN LI NAJE

- Si pitit ou aprann naje epi l aprann ki jan pou l an sekirite lè l bò kote dlo, sa pral ede l rete kalm epi ajan dijans yo ap gen plis tan pou yo ede l.

Al Gade Sit Wèb Nou An

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou mache pasipala ak preparasyon pou ka dijans, sitou:

- Yon lis aparèy ki ka pozisyon pitit ou,
- Pwogram leta ak fondasyon ki ka peye sèvis pou ou, ak
- Zouti ki ka ede w planifye pou ijans



mass.gov/AutismWaterSafety

Sipò pou Paran

- Se yon tètchaje e sa fatigan si sekirite pitit ou ap enkyete w toutan. Si w bezwen èd, eseye kontakte yon Sant Sipò pou Otis ki nan zòn ou an. Ou pa poukò w.



www.mass.gov/info-details/autism-support-centers-list

Si W Pa Ka Jwenn Pitit Ou, Rele Sou 911 Lapoula.